



# Mizajou: Objektif Komite Lekòl Boston yo

Dr. Charles A. Grandson, Direktè Aksyon yo ak Estrateji  
Monica Hogan, Direktris Prensipal Jeneral, Done ak  
Responsabilite

## Evalyasyon ak Responsabilite nan echèl Eta

**2021:** Akòz de pandemi Covid-19 la, MCAS Prentan 2021 an te esansyèlman modifye nan administrasyon tèl avan yo. Nan klas 3èm-8èm ane, lè tèl yo te redui konsiderableman epi elèv yo te gen otorizasyon pou pran MCAS adistans. Patisipasyon nan evalyasyon ACCESS la te trè ba, epi patisipasyon nan MCAS la pa t egal nan lekòl yo. Modèl pou kalkile kwasans elèv la te rive modifye egalman. Entansyon administrasyon MCAS 2021 an te founi done dyagnostik pou lekòl yo ak distri yo. Detèminasyon responsabilite pa t rive fèt nan lotòn 2021 an.

**2022:** Pou Lotòn 2022 a, DESE te [pwopoze](#) yon modèl “Accountability Lite” (Responsabilite Aleje) epi pwopoze kèk, men pa tout, nan enfòmasyon ki asosye avèk detèminasyon responsabilite anyèl yo. Selon pwopozisyon an, yo pa t'ap pibliye sib endikatè yo, pwen pwogrè pou atenn sib yo, nòt pwogrè yo oubyen detèminasyon bezwen asistans oubyen entèvansyon chak distri ak lekòl.

# Goal Alignment: School Committee & Strategic Plan

KEY

Strategic  
Plan  
Goals:

  
Eliminate  
Opportunity &  
Achievement  
Gaps

  
Accelerate  
Learning

  
Amplify  
All Voices

  
Expand  
Opportunity

  
Cultivate  
Trust

  
Activate  
Partnerships

## SC Goal 1:

Students will acquire strong foundational reading skills to ensure they arrive in grade 3 ready to thrive in school.

## SC Goal 2:

English learners will demonstrate growth in English language proficiency.

## SC Goal 3:

Students with disabilities will thrive and grow in appropriate settings which include but are not limited to inclusive settings.

## SC Goal 4:

Students will be able to critically reason, discern, and demonstrate academic mastery of math, science, and literacy.

## SC Goal 5:

Students will graduate from high school with the agency to direct their futures.

## Values:

Equity & Eliminating Opportunity Gaps  
Student Voice & Family Engagement  
Community Partnerships  
Diverse & Effective Staffing  
Social, Emotional, & Physical Supports

# Valè:

*Valè kominotè non-negosyab yo ki dwe respekte pandan n'ap pouswiv objektif yo.*



## Ekite ak Eliminasyon Lakin nan Opòtinite:



BPS pral mete an-è, avèk fidelite, divès pratik rediksyon opòtinite ak rezilta ki baze sou rechèch ak done nan nivo distri, lekòl, ak sal klas yo. Elèv Nwa yo, Latino yo, ak Azyatik yo dwe jwenn aksè ak yon ansèyman konfòm ak nòm dispanse pa divès ansèyman ki fòme nan pratik soutyen kiltirèl ak lengwistik (culturally and linguistically sustaining practices, CLSP). Elèv ki gen bezwen aprantisaj espesyal yo gen dwa pou yo edike yo nan yon seri anviwònman ki apwopriye ki gen ladan men ki sèlman gen ladan anviwònman enklizif yo. Apre nan anglè yo merite yon pwogram ak yon enstriksyon wot kalite ki aksesib nan yon lang nan tout domèn kontni ki pral pèmèt yo atenn potansyèl yo konplètman ak pou kiltive lang matènèl yo. Aksè ak lang matènèl la kritik pou siksè elèv EI yo epi li demontre respè pou kilti ak lang elèv nou yo ak fanmi yo. Aprantisaj pwofesyonèl distri a pral klèman abòde domèn sa yo pou l asire l edikatè yo reponn defason apwopriye ak bezwen gwoup nou yo ki jeneralman mal desèvi yo.

## Vwa Elèv yo ak Angajman Fanmi:



BPS pral eksplwate richès kiltirèl ak lengwistik elèv ak fanmi yo epi l ap onore vwa yo pandan l ap angaje yo nan pwosesis pou pran desizyon onivo distri a ak lekòl la nan depi nan devlopman ide nenpòt lè sa posib kòm kliyan prensipal nou, ak pandan l ap kreye patenarya ki rekonèt valè, resous ak bezwen.

## Patenarya Kominotè yo:



BPS pral travay avèk patnè kominotè yo pou prepare elèv yo pou opòtinite global ak lokal ilimite. BPS pral kontinye angaje patnè kle yo nan pwosesis pou pran desizyon an pou l kapab gide ak devlope yon seri sèvis akonpayman koyeran tout pandan ane a, eksperyans aprantisaj ak pwogramasyon ki reponn ak bezwen tout elèv yo.

## Dotasyon Divèsifye e Efikas:



BPS pral rekrute epi konsève yon men-dèw wotman efikas, divèsifye oubyen plan rasyal ak lengwistik ki kiltirèlman konpetan, ki kapab founi yon pwogram ak eksperyans enklizif rigoure epi ki afime kiltirèlman ak lengwistikman, ki selebre atou elèv nou yo ak ki ofri yon eksperyans lekòl ki bay lajwa epi ki pozitif.

## Sipò Sosyal, Emosyonèl, ak Fizik:



BPS pral ofri yon sistèm inivèsèl soutyen nan plizyè nivo ki abòde byen-èt sosyal, emosyonèl ak fizik tout elèv nou yo.

## Konsènan Mezi a: **Objektif 5**

Diplome Boston yo ki prè pou inivèsite, karyè pwofesyonèl, ak lavi gen pouvwa pou jwenn objektif ki vo lapèn pou chèche yo, pou jwenn kòman pou rive sou yo ak adapte ak yo toutotan mond lan ap chanje ozalantou yo. Diplome sa yo gen pouvwa pou navige nan nouvo sitiyasyon epi konpetans yo ki pral pèmèt yo janbe nenpòt ki baryè yo jwenn sou chemen yo.

Mezi Preparasyon Inivèsite, Karyè Pwofesyonèl, ak Lavi ki enkli diplome BPS yo ki atenn omwen 2 nan 3 kritè sa yo epi konplete divès Opòtinite Aprantisaj Nenpòt Kote, Nenpòt Moman:

- Patisipasyon nan 94% oubyen plis
- Mwayèn Pondere Klas la nan 2.7 oubyen plis
- Kou Etid [MassCore](#) ki konplete ansanm ak ensripsyon nan [Kou Avanse yo](#)

("Anytime, Anywhere Learning" (Aprantisaj, Tout Kote, Nenpòt Lè), ki mezire pa staj ak lòt aktivite paraskolè) [Plis enfòmasyon](#)

Mezi	2020 Cohort	2021 Cohort
Kantite Diplome nan 4 an	2,958	3,049
94%+ Patisipasyon	54,0%	51,4%
2,7+ GPA:	57,0%	53,1%
Kou Travay ki Rigoure	27,4%	38,6%
Te Fini MassCore	28,5%	40,6%
Te Enskri nan Kou Avanse	83,4%	87,8%
Aprantisaj Nenpòt Kote, Nenpòt Moman	83,7%	83,6%
2 pami 3 endikatè reysit nan segondè (prezans, GPA, kou rigoure) ak "Anytime, Anywhere Learning" (Aprantisaj Tout Kote, Tout Lè).	<b>43,4%</b>	<b>44,9%</b>

## Sou Travay la **Objektif 5**

<b>1</b> Plasman Pre-Avanse (Pre-Advanced Placement, Pre-AP) ak Plasman Avanse (Advanced Placement, AP)	<b>2</b> Bakaloreya Entènasyonèl (IB)	<b>3</b> Kolèj Anvan Lè ak Doub Enskripsyon	<b>4</b> Pwogram Pwofesyonèl ak Teknik ak Opòtinite
<b>MassCore Egzijans Inivèsèl Obtansyon Diplòm (Debaz)</b>			
<b>Pratik Enklizif ak Literasi nan Lang Matènèl (Debaz)</b>			

[Nan Janvye 2022, ekip akademik lan te prezante rekonsepsyon Lekòl Segondè](#) ki gen ladan l enfòmasyon sou fason nou ap prepare elèv yo pou Fakilte, Karyè Pwofesyonèl, ak Preparasyon pou Lavi.

## Objectif 5: Elèv yo pral gradye nan lekòl segondè avèk ajans lan pou dirije lavni yo.

*Mezire pa pousantaj diplome ki reponn ak definisyon nan tout vil la pou Preparasyon pou Kolèj, Karyè ak Lavi.*

Gwoup	Liy de-baz SY2019-2020	Reyèl SY2020-2021	1 Lane Chanjman	Objektif 1 Ane SY2020-2021	Objektif 5 Ane SY2024-2025
Tout Elèv yo	43,4%	44,9%	1,5%	45%	53%
Azyatik	72,6%	69,5%	-3,1%	75%	83%
Nwa	35,6%	40,4%	4,8%	38%	46%
Latino Ameriken	34,5%	33,9%	-0,6%	37%	45%
Blan	62,9%	63,7%	0,8%	65%	73%
EL	35,7%	29,0%	-6,7%	38%	46%
SWD	23,1%	26,8%	3,7%	25%	33%
EL SWD	23,5%	19,7%	-3,8%	26%	34%
Ekonomikman Defavorize	36,7%	38,4%	1,7%	39%	47%

## Rezime Objektif ki Rete yo

Objektif Komite Lekòl la	Definisyon mezi	Lè done yo disponib
Objektif 1: Elèv yo aprann divès konpetans preparasyon fondamantal pou asire yo rive nan 3èm ane prè pou epanwi yo nan lekòl.	Pousantaj elèv K2 ki atenn oubyen depase atant nan nivo lekòl yo pandan evalyasyon Fliyidite nan Lektif MAP nan fen ane a.	Fen Jen/Jiyè
Objektif 2: Aprenan anglè yo pral demontre kwasans nan metriz lang anglè.	Pousantaj elèv ki se Aprenan Anglè ki demontre yon Pousantaj Kwasans Elèv nan evalyasyon ACCESS 50 oubyen pi elve.	Septanm/Oktòb
Objektif 3: Elèv ki gen andikap yo pral epanwi ak grandi nan yon seri anviwònman ki apwopriye ki enkli men ki pa limite ak anviwònman enklizif yo.	Pousantaj elèv ki andikape yo avèk yon Pousantaj Kwasans Elèv (Student Growth Percentile, SGP) nan MCAS ELA ak evalyasyon Matematik 50 oubyen pi elve.	Septanm/Oktòb
Objektif 4: Elèv yo pral kapab rezone yon jan kritik, disène, ak demontre yon metriz akademik nan matematik, syans, ak literasi.	Nòt mwayèn nan echèl MCAS pou elèv 3èm-8èm ane yo nan Atizay Lang Anglè, Matematik, ak Syans.	Septanm/Oktòb



**Anèks**

## Konsènan Mezi a: **Objektif 1**

MAP Reading Fluency (Metriz Lekti MAP) se yon evalyasyon inivèsèl adaptatif depistaj ak swivi divès pwogrè pou klas pre-K jiska 5èm ane epi ki devlope pa NWEA. Konsyans fonolojik la, abilite pou distenge son lèt yo, se yon konpetans pre-lekti fondamantal ki mezire pa MAP Fluency.

MAP nan BPS

- SY 2018-2019: MAP te teste bò kote Lexia Rapid nan 26 lekòl
- SY 2019-2020: Evalyasyon fen ane MAP pa t rive administre
- SY 2020-2021: Evalyasyon MAP yo te administre nan yon melanj kontèks ak distans ak an pèsòn

Patisipasyon MAP pa 100% pou tout elèv yo oubyen gwoup elèv yo.

MAP se yon evalyasyon ki relativman nouvo epi nou pa genyen done istorik nan objektif pou analize tandans ak lakin nan distri a. NWEA (Founisè ki founi evalyasyon MAP la) pa t mete a dispozisyon yon echantiyon done nasyonal oubyen reprezantatif nan objektif pou pi byen konprann pèfòmans elèv yo. Kidonk nou pa an mezi pou kalkile enfòmasyon de-baz oubyen ki sible nan moman sa. [Plis enfòmasyon](#)

**Done yo pral disponib ak prezante nan Komite Lekòl la: Jen oubyen Jiyè 2022**

## Konsènan Mezi a: **Objektif 2**

Evalyasyon ACCESS pou Aprenan Anglè yo

- Administre pou elèv soti depi nan Preskolè rive nan Klas 12èm ane ki te rive idantifye kòm aprenan lang anglè (English language learners, ELL)
- Fèt anyèlman pou siveye pwogrè elèv yo nan aprantisaj anglè akademik
- Konfòm ak egzijans federal ameriken yo nan Lwa sou Revisit Chak Elèv (Every Student Succeed Act, ESSA) pou siveye ak sinyale pwogrè ELL yo vè metriz anglè
- Li ankre nan Nòm Devlopman Lang Anglè WIDA yo
- Evalye kat domèn lengwistik nan Tande, Pale, Lekti ak Ekri

Anseyan yo itilize rezilta ACCESS, ansanm ak lòt resous WIDA yo, pou pran desizyon konsènan lang akademik anglè elèv yo ak pou fasilite devlopman lengwistik yo.

Santil Kwasans Elèv yo evalye nan ki degre elèv la pwogrese konpare ak kamarad akademik li (fi/gason) nan ane ki te vin avan. Yon santil kwasans nan 50 konsidere kòm yon kwasans tipik. Pousantaj elèv avèk omwen yon SGP nan 50 ki endike kantite elèv ki ap evolye nan yon to ki sanble ak kamarad yo nan eta.

[Plis enfòmasyon](#)

**Done yo pral disponib ak prezante nan Komite Lekòl la: Septanm oubyen Oktòb 2022**

## Konsènan Mezi a: **Objektif 3**

MCAS se evalyasyon eta sou konpetans lekti ak ekriti elèv yo. Pandan yo evalye kèk elèv ki gen andikap ki grav avèk yon lòt evalyasyon ki baze sou pòtfolyo, apeprè 89% nan Elèv ki Gen Andikap yo te evalye yo te pase evalyasyon MCAS nan ELA ak Matematik la nan ane 2019.

Santil Kwasans Elèv yo evalye nan ki degre elèv la pwogrese konpare ak kamarad li (fi/gason). Yon santil kwasans elèv nan 50 konsidere kòm yon kwasans tipik. Pousantaj elèv avèk omwen yon SGP nan 50 ki endike kantite elèv andikape k'ap evolye nan yon ritm ki sanble ak kamarad yo nan eta. [Plis enfòmasyon](#)

Done yo pral disponib ak prezante nan Komite Lekòl la: Septanm oubyen Oktòb 2022

## Konsènan Mezi a: **Objektif 4**

MCAS se yon evalyasyon eta epi yo bay li chak ane nan domèn Zèv Atistik Anglè ak Matematik nan klas 3èm ane jiska 8èm ane ak nan domèn Syans nan klas 5èm ane ak 8èm ane.

Nòt ki mete sou echèl MCAS yo apati de 440 rive nan 560

- 440-469: Pa Reponn ak Atant yo
- 470-499: Reponn Pasyèlman ak Atant yo
- 500-529: Reponn ak Atant yo
- 530-560: Depase Atant yo

Nòt mwayèn ki mete nan echèl se yon mezi responsabilite eta. Divès objektif nòt ki gradye fikse sou baz done nan liy referans distri a ak lekòl yo sou yon baz anyèl. Objè eta yo pa t rive fikse pou ane lekòl 2020- 2021 an. [Plis Enfòmasyon](#)

Done yo pral disponib ak prezante nan Komite Lekòl la: Septanm oubyen Oktòb 2022